



Pou Piblikasyon Imedya: 05/06/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MEZI AGRESIF POU PWOTEJE AKSÈ A SWEN SANTE BON JAN KALITE, ABÒDAB POU TOUT NOUYÒKÈ YO

Li se tout Premye Règleman nan Peyi a ki Egzije pou Founisè Asirans Sante yo pa Diskrimine Kont Nouyòkè ki gen Kondisyon Medikal ki te la avan yo te gen Asirans lan yo oswa Baze sou Laj ak Sèks yo

New York Entèdi tout Konpayi Asirans ki Retire Kò yo nan Mache Echanj Asirans Sante Eta a (State Health Exchange) Patisipe nan Pwogram tankou Medicaid, Child Health Plus, ak Essential Plan lan

Sou Lòd Gouvènè a, yo te Entèdi Ajans ak Otorite Eta yo Antre nan Kontra avèk Konpayi Asirans ki te Retire Kò yo nan Mache Echanj Asirans Sante Eta a epi Konsidere Tout Mezi Adisyonèl pou Pwoteje Nouyòkè yo

L' ap Pwoteje Aksè a Sèvis Sante Repwodiksyon ak Kontrasepsyon Gratis yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay Depatman Sèvis Finansye Eta New York la (New York State Department of Financial Services, DFS) lòd pou yo pwomilge nouvo règleman ki egzije founisè asirans sante pa diskriminasyon kont Nouyòkè ki gen kondisyon medikal avan yo te gen asirans lan yo oswa sou baz laj oswa sèks yo, anplis de 10 kategori pwoteksyon Lwa sou Swen Abòdab la (Affordable Care Act) garanti yo. Tout premye nouvo mezi nan peyi sa a pral asire yo pwoteje ak garanti sèvis sante esansyèl yo pou tout Nouyòkè kèlkeswa efò k ap fèt onivo federal pou yo koupe swen sante pou anpil milyon Ameriken.

Sou lòd Gouvènè a, Depatman Sante a (Department of Health) pral entèdi tout konpayi asirans ki retire kò yo nan Plan Sante Kalifye (Qualified Health Plans) atravè Mache Asirans Sante Eta a (State Health Marketplace) patisipe alavni nan nenpòt pwogram ki an relasyon avèk mache a, ki gen ladan Medicaid, Child Health Plus, ak Essential Plan. New York gen youn nan mache swen sante ki pi solid nan peyi a, epi konpayi asirans ki pa konfòm yo pral pèdi aksè a pwogram ki bay bon randman sa yo. Gouvènè a pral bay ajans ak otorite eta yo lòd pou yo entèdi konpayi asirans yo ki te retire kò yo nan Mache Asirans Sante Eta a yo pa antre nan kontra ak eta a epi yo konsidere mezi ki disponib pou pwoteje aksè Nouyòkè yo a bon kalite swen sante.

Anplis de sa a, administrasyon an te finalize règleman ki pral asire politik asirans sante komèsyal yo garanti aparèy ak medikaman kontraseptif yo (aparèy planin) san kopeman, koasirans, oswa franchiz. Règleman yo ap asire tou politik asirans sante komèsyal yo garanti tout sèvis avòtman ki nesèsè yo san kopeman, koasirans, oswa franchiz.

“Nou pa pral kanpe san nou pa fè anyen pandan konsèvatif ekstrèm nan Washington yo ap eseye detounen pwogrè nou te fè nan agrandisman bon jan kalite swen sante abòdab pou Nouyòkè ki pi vilnerab yo ki a risk nou yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Toutotan mwen Gouvènè, yo pap pral fè Nouyòkè yo sibi diskriminasyon pri ki baze sou laj yo, sèks yo, oswa kondisyon medikal yo te soufri avan yo te gen asirans lan, epi avantaj swen sante esansyèl yo pral kontinye rete règ la, pa eksepsyon an. Mezi agresif sa yo pral rann nou sèten kèlkeswa sa ki ta rive nan Kongrè a, pèp New York la pa pral bezwen enkyete yo de posibilite pou yo pèdi aksè a bon jan kalite swen medikal yo bezwen epi yo merite.”

Daprè nouvo règleman yo, DFS pral egzije politik asirans individyèl oswa asirans ti gwoup pou aksidan ak politik asirans sante yo ki founi garanti pou sejou nan lopital, chiriji oswa depans medikal yo, ansanm ak politik asirans aksidan ak politik asirans sante etidyan yo garanti menm kategori avantaj swen esansyèl yo epi yo sijè a menm règ referans plan yo ki aktyèlman aplike atravè Lwa sou Swen Abòdab la yo. Konpayi asirans yo dwe konfòm a nouvo règleman yo kòm kondisyon pou yo gen lisans yo nan New York.

1. Sèvis pasyan ki pa etène yo, tankou vizit nan biwo yo, sèvis chiriji pasyan ki pa etène yo, dyaliz, sèvis radyoloji, chimiyoterapi, tretman enfètilite, sèvis avòtman, swen ospis, ak ekipman dyabèt, materyèl ak edikasyon sou otojesyon yo;
2. Sèvis dijans yo, tankou sal dijans, sèvis swen ijans yo, ak sèvis anbilans yo;
3. Etène nan lopital, tankou tè s yo fè avan yo etène yo, sèvis chiriji ak medsen pasyan ki etène yo, swen nan lopital, swen nan etablisman swen enfimye espesyalize yo, ak swen ospis;
4. Swen pou fanm ansent ak tibebe ki fenk fèt yo, tankou swen akouchman, prenatal ak posnatal, ak edikasyon ak ekipman pou alètman yo;
5. Sèvis swen sante mantal ak twoub itilizasyon sibstans, ki gen ladan tretman sante konpòtmantal, tankou sèvis pasyan etène ak pasyan ki pa etène yo pou dyagnostik ak tretman mantal, twoub nève ak emosyonèl, depistaj, dyagnostik ak tretman pou twoub espèk otistik, ak sèvis pasyan ki etène ak pasyan ki pa etène pou dyagnostik ak tretman pou twoub itilizasyon sibstans yo;
6. Medikaman preskripsyon, tankou garanti pou medikaman jenerik, medikaman mak komèsyal ak espesyalite yo, fòmil anterik yo, medikaman ak ekipman kontraseptif yo (planin), medikaman avòtman yo, oswa mekidaman kont kansè yo bwè nan bouch yo;
7. Sèvis ak ekipman reyabilitatif ak abilitatif yo, tankou ekipman medikal dirab, materyèl medikal, ekipman pwostetik, aparèy oditif, swen kiwoprakti, terapi fizik, terapi okipasyonèl, terapi reyedikasyon òtofonik, ak swen sante adomisil;
8. Sèvis laboratwa, tankou tè dyagnostik;
9. Sèvis prevantatif ak byenèt ak jesyon maladi kwonik, tankou vizit regilye timoun yo, vaksinasyon, mamografi, egzamen jinekolojik ki gen ladan depistaj sitolojik nan kòl matris, mezi ak tè dansite zo, ak depistaj pou kansè nan pwostat; ak
10. Sèvis pedyat, ki gen ladan swen nan bouch ak nan je, tankou swen dantè ak swen nan je woutin, ak preskripsyon lantiy ak monti linèt yo.

Direktè Depatman Sèvis Finansye a ka pibliye yon modèl kontra ki gen langaj apwopriye k ap idantifye egzijans garanti pou tout politik asirans individyèl oswa asirans ti gwoup pou aksidan ak politik asirans sante yo ki founi garanti pou sejou nan lopital, chiriji oswa depans medikal yo, ansanm ak politik asirans aksidan ak politik asirans sante etidyan yo ofri oswa emèt pou yo sèvi nan Eta New York la yo.

DFS pral egzije tou dapre Lwa New York ki la deja, pou konpayi asirans yo:

- Founi kouvèti pou tout medikaman ak aparèy kontrasepsyon epi kouvri omwen yon mwayen kontrasepsyon nan chak metòd FDA (òganizasyon pwoteksyon pwodwi alimantè ak Medikaman) apwouve yo san kopeman, koasirans, oswa franchiz, kèlkeswa avni Lwa sou Swen Abòdab la.
- Founi kouvèti pou dispansè yon apwovizyonman mwayen kontrasepsyon pandan 3 mwa bay moun ki pa gen asirans yo. Pou dispansè menm mwayen kontrasepsyon ki vini apre yo ki garanti anba yon menm politik oswa renouvèlman, yon konpayi asirans dwe pèmèt garanti pou yo dispansè tout apwovizyonman kontrasepsyon yo te preskri a, jiska 12 mwa, anmenm tan.
- Founi kouvèti pou sèvis avòtman ki medikalman nesèsè yo san kopeman, koasirans, oswa franchiz (sof si plan an se yon plan ki gen franchiz ki wo).
- Founi enfòmasyon konplè ak egzat konsènan kouvèti a, yon lèt ki disponib [isit](#) la ap fè respekte yo.

###